ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№149 (23.557) ● 2017 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 5, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Бахъсэн районым хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм и щІыналъэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьыжьым и Іуэхуи Іэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Ветеринарием и Іуэхуки Іэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979 - 1-м и 3.1-нэ статьям ипкъ иткІэ, Бахъсэн районым хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм хьэщхьэрыІуэ узыр зэрыщагъэкІуэдам кІыхьэкІыу:

1. Бахъсэн районым хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм и щІыналъэм щыщу Советскэ, Мамырыгъэ, Степной, Садовэ уэрамхэм я къуэхым къриубыдэм мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьжьын.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн «Бахъсэн районым хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм и щІыналъэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхуки Іэ 2017 гъэм накъыгъэм и 29-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа унафэ №49-м.

3. Мы унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм шыщхьэуІум и 3-м
№84-РГ

Новороссийск пэмыжыжьу гъэзугм къыщыхъуа автомобиль зэжьэхэуэныгъэм лей къыщызытехьахэм ядэІэпыкъунымкІэ КъБР-мрэ Краснодар краймрэ я дохутырхэм я зэфІэкІхэр зэщІагъэуІуэ

Шыщхьэуіум и 3-м сыхьэт 16-м «Новороссийск - Керченский пролив» автомобиль гъэзугм хьэлъэ къезышэкІ автомашинэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цІыхухэр зэрыс микроавтобусымрэ щызэжьэхэуащ. ЦІыху балигъитІым зыри къащыщІакъым, сабийуэ 8 сымаджэщым яшащ.

КЪЭХЪУАМ ипкъ иткІэ, КъБР-м Узыншагъэр хьумэнымкІэ и министерствэм штаб къызэрегъэпэщащ «Медицина катастроф» Іуэхущ Іапі эм, УФ-м и МЧС-м КъБР-м щиІэ къэрал управленэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым я лэжьакІуэхэр хэту. Іуэхур и унафэм щІэтщ КъБР-м узыншагъэр хьумэнымкІэ и министр Расторгуевэ Светланэ. Краснодар щыщ ди лэжьэгъухэм, къыдгурегъэІуэу министрым, сымаджэхэр гъэхъужьын, абыхэм еІэзэн папщІэ зыхуеину псори зэфІагъэкІ.

Краснодар краймэ узыншагъэр хьумэнымкІэ и министр Филиппов Евгений къызэрыдигъэщІамкІэ, сабиитІ щытыкІэ хьэлъэм итщ. ЩІыпІэм кІуащ дохутыр-реаниматолог, нейрохирург, травматолог гуп зэрыс санавиацэ. Я щытыкІэм ельытауэ, лей къызытехьахэр крайм и сабий сымаджэщым яшэнущ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Марин э.

Темыркъан Юрий и гуапэщ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэм я творческэ зыужьыныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыдаІыгъыр

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Темыркъан Хьэту и цІэр зезыхьэ и щэнхабзэ центрым дуней псом щыщІэрыІуэ дирижёр Темыркъан Юрий щахуэзащ республикэм и щІалэгъуалэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ курыт специальнэ еджапІэхэм я студентхэм, щІалэгъуалэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэмрэ.

ТЕМЫРКЪАН Юрий къызэхуэсахэр зыщІэупщІа куэдым я жэуапхэр иритащ, еджапІэм щІэтІысхьэхэр къыхэзых комиссэм, профессорхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я лэжьыгъэм щыгъуазэ зищІащ, мы гъэм творческэ Іэщ Іагъэхэр къыхэзыхахэм епсэлъащ.

Музыкант цІэрыІуэм къыхигъэщхьэхуКІащ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэм я творческэ зыужьыныгъэр дэІыгъыным хуэгъэзауэ республикэм щалэжьхэр и гуапэ зэрыхъур: «Сабийхэр музыкэм, ІуэгузджэмІ хуэгъэсэным хуабжьу мыхьэнэшхуэ иІэщ. Ахэр тэмэму къэтэджмэ, къэралри нэхъ къуІей хьунущ. Нобэ сэ мыбы щыслъэгъуам уи фІэщ ещІ а лэжьыгъэр ди деж тэмэму зэрыщекІуэкІыр».

ЗэІуцІэм кърихьэлІащ Темыркъан Юрий и къуэш, къэрал симфоническэ оркестрым и унафэщІ Темыркъан Борис, КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий сымэ.

☸ Ди къуэш республикэхэм

Удэзыхьэх гъэлъэгъуэныгъэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Сурэт галереем къыщызэІуахащ зи Хэку къэзыгъэзэжам и махуэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэ.***

ГАЛЕРЕЕМ и гъэтІылъыгъэхэм щыщ лэжьыгъэ 40 утыку кърахьащ. Ахэр теухащ XIX лІэщІыгъуэм екІуэкІа Кавказ зауэм и тхыдэм, Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ щэнхабзэм, абы и щІыуэпсымрэ и цІыхухэмрэ.

ЯгъэлъагъуэАдыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Осетие Ищхъэрэ-Аланием я сурэтыщІхэм я Іэдакъэщ экІхэр.

Уэм кърикІуа хэщІыныгъэ

Адыгейм къыщеха уэм и «Радуга» теплиц Іуэхущ Іапі э иным хэщІыныгъэшхуэ иритащ, гектари 6-м нэблагъэ зэтрикъутащ.

«РАДУГА»-м и унафэщІ Джарымокъуэ Хьэзыр зэрыжиІамкІэ, хэщІыныгъэр зыхуэдизыр наІуэ щыхъунур нэхъ гувауэщ. Иджыпсту нэхъыщхьэр абдж къутахуэхэр зэщІэкъуэжьынырщ, ахэр зыим зэран хуэмыхъун хуэдэу. «Іэмал зэриІэкІэ теплицэр псынщІэу зэфІэдгъэувэжынущ, - къыхигъэщащ унафэщІым.

Зыщ мы Іуэхум узыщыгугфыкІыну хэпльр: теплицэм щагъэкІар кърахьэлІэжауэ, щІыр щІэуэ хасэнум хуагъэхьэзыру арат.

Мейкъуапэ район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Пономарёв Андрей щыгъуазэ дыхэзрищІамкІэ, уэм и зэран екІащ Тульскэ, Побединскэ, Краснооктябрьскэ, Кировскэ къуажэхэм.

Гъавэр Іуахыж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм хьэщэпэщэмрэ джэшхэкІхэмрэ щыІуахыжынущ гектар 23512-м.***

МЭКЪУМЭШЫЩІЭХЭМ гектар 7033-м хьэцэпэцэр къыщыщэщІакъэрщащ, дэтхэнэми центнер 34,2-рэ хуэзэу. Екъэжьауэ гъавэр къыщрахьэлІэж республикэм и Адыгэ-Хьэблэ, Нэгъуей, Прикубань, Хьэбэз, Абазэ, Инжыджэ районхэм.

Фестивалым зыхуагъэхьэзыр

Къэрэшей-Шэрджэсым и Домбай зыгъэпсэхупІэм ышыщхьэуІум и 12-м къыщыщІэуІуахынущ «Кавказым и тыгъэхэр» фестивалыр.

АБЫ ЩАГЪЭПЛЪЭГЪУЭНУЩ республикэм щагъэхьэзыр ерыскъыкІэр. Хьэщ Іэхэм зыІуагъэхуэфынущ губгъуэ шей, варенэ, нэгъэущ Іэрэ.

Фестивалым кърихьэлІэнухэм я нэгу зрагъэужынущ республикэм и къэфакІуэхэмрэ уэрэджьІакІуэхэмрэ. КъШР-м и цІыху Іэщ Іэлъапщ Іэхэм мастерклассхэр ирагъэкІуэкІынущ икІи гупшх зыщІэхэм езыхэм я Іэкіэ саугъэт гъэщІэгъэнхэр ящІыну Іэмал яІэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкі э и министерствэм щыхэплъащ «Іуащхьэмахуэ» курортым зэрызиужьынум

Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкі э и министерствэм и ялп э къуэдзэ Байсултанов Одес иджыблагъэ Москва щригъэкІуэкІа зэІущІэр теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іуащхьэмахуэ районым турист-рекреацэ экономикэ щІыналъэ хэхам зегъэужьынным, Кавказ Ищхъэрэм и турист кластерым хиубыдэ «Іуащхьэмахуэ» комплексым и лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным.

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкі э и министерствэм, УФ-м ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, властым и муниципальнэ органхэм, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм, «Іуащхьэмахуэ» курорт» акционер зэгухьэныгъэм, «Іуащхьэмахуэ лъапІэ» лъэпкъ паркым я лІыкІуэхэр.

ЗэІуцІэм гупльитэ хэха щыхуащІащ илъэс хъурейм лажьэ зыгъэпсэхупІэ комплексыр къэзылъахъэ гугъуэхьэр дэгъэкІыным. Алхуэдэу тепсэлъыхьащ туристхэм я бжьгъэм къызэрыхэхъуэм къыхэкІыу бгы лыжэкІэ къыщажьхь гъэзугхэм я инфраструктурэм зегъэужьын зэрыхуейм, экономикэ щІыналъэ хэхахэм ятеухуа законыр къызэрагъэссэбэпым, нэгъущІхэми.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Іуащхьэмахуэ Урысейм и дежкІи мыхьэнэшхуэ иІэщ. Абы къыхэкІыу жэуапльныгъэ нэс хэлъу бгъэдыхьэн хуейщ «Іуащхьэмахуэ» курортым зегъэубгъуным пыщІа инвестицэ Іэхэухэм. Абы и лъэныкъуэкІэ властым и федеральнэ органхэмрэ къэрал компаниехэмрэ къадэкІуэу, фейдэ ящІыналъэми къыІэрыхьэнущ. Апхуэдэу щыщыткІэ, республикэр нэхъ жыджэру елэжьын хуейщ езым и компетенцэм хиубыдэ Іуэхуэхэр дэгъэкІыным», - жиІащ зэІущІэм и кІэухым Байсултанов Одес.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» зэгухьэныгъэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Балийр зэрыбэгъуам дегъэгуфІэ

Республикэм и жыг хадэхэм балийрэ балийІэрысэу тонн мини 3,3-рэ къыщыпачыжащ. Абы и бэвагъыр центнер 77-рэ, е нэгъабэ елъытауэ процент 104-рэ мэхъу. Республикэм и щыбкІэ продукцэм щыщу тонн мини 2-р щащащ.

ИДЖЫПСТУ щІэгъэхуэбжьауэ къыпачых пхъэгуІлъыр, хуэрэджэр, шафталыр икІи псори зэхэту тонн мин 1,6-рэ кърахьэлІэжащ. Мы пхъэщхьэмыщхьэ лІэужьыгъуэхэм ящыщу мы гъэм тонн мини 9,6-рэ (нэгъабэ елъытауэ проценти 112-рэ) зэщІакъуэжьыфыну мэгугъэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

«Пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэ» унэтІыныгъэм къэрал мылъку нэхъыбэ хухах

Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и комиссэр хэплъащ къэрал мылъку зыхуохьыну проектхэм.

КЪЭРАЛ дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтынущ сом мелард 14,8-рэ зытекІуэдэну проект 41-м. «Пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэ» унэтІыныгъэмкІэ къэрал мылъку нэхъыбэ зыхуохахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Абы къратынущ сом мелуани 189,5-рэ.

УЯНАЕВЭ Залинэ.

«ДамитІ». Аращ сурэттеххэмрэ видеографхэмрэ ди деж щрагъэкІуэкІ фестивалым зэреджэр

«Гуэл щхъуантІэхэр» турист комплексым дыгъуасэ къыщызэІуахащ гъэ къэс сурэттеххэмрэ видеографхэмрэ къызэрагъэпэщ «Дамитl» фестивалыр.

ФЕСТИВАЛЫМ хэтхэм лэжьыгъэм и щэхухэм щыгъуазэ зыхуащІынущ, лекцэ зэмылІэужьыгъуэхэм едэІуэнущ, республикэм и щІыпІэ дахэхэм еплъынущ. Мы зэхьхьэр зыхуэгъэзар Кавказ Ищхъэрэм щыІэ сурэттех, видеограф нэхъыфІхэр убзыхуныр икІи абыхэм защІэгъэкъуэныщ.

Гъэ къэс къызэрагъэпэщ фестивалыр мы гъэм ирагъэкІуэкІ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым, КъБР-м, КъШР-м я правительствэхэм я дэІэпыкъуныгъэкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

«Гуэл щхъуантІэхэр» турист комплексым дыгъуасэ къыщызэІуахащ гъэ къэс сурэттеххэмрэ видеографхэмрэ къызэрагъэпэщ «Дамитl» фестивалыр.

ФЕСТИВАЛЫМ хэтхэм лэжьыгъэм и щэхухэм щыгъуазэ зыхуащІынущ, лекцэ зэмылІэужьыгъуэхэм едэІуэнущ, республикэм и щІыпІэ дахэхэм еплъынущ. Мы зэхьхьэр зыхуэгъэзар Кавказ Ищхъэрэм щыІэ сурэттех, видеограф нэхъыфІхэр убзыхуныр икІи абыхэм защІэгъэкъуэныщ.

Гъэ къэс къызэрагъэпэщ фестивалыр мы гъэм ирагъэкІуэкІ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым, КъБР-м, КъШР-м я правительствэхэм я дэІэпыкъуныгъэкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Балтие флотым и кхъухьхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» МПК-р яхэту, зыгъэсэныгъэхэр ирагъэкІуэкІащ бийуэ къызыщагъэхъу псыщІагърыкІуэ кхъухьхэр къэгъуэтынымрэ къутэнымрэ екъэлІауэ

Балтие флотым псыщІагърыкІуэ кхъухьхэм ялэщІэтыныкІэ и гуп хэхам пасэу аубзыхуа зыгъэсэныгъэхэр щрагъэкІуэкІащ Балтие тенджызым и полигонхэм.

ПСЫЩІАГЪРЫКІУЭ кхъухьхэр къэгъуэтыным, ахэр зищІысыр зэхэгъэкІыным, кІэлъыплъыным, иужькІэ реактивнэ бомбэхэмрэ торпедэхэмкІэ къутэным екъэлІа Іуэхугъуэхэр зэфІагъэкІащ.

Бийуэ къызыщагъэхъуэхэм узугум къыщращІылІэ ебгъэрыкІуэныгъэхэм льагагъэ унэтІныныгъэкІэ зэщхьэщыкъуэ ялэщІэтыным зыхуагъэсэащ кхъухьхэм я ПВО-мрэ артиллериемрэ къагъэсэбэпурэ.

«Звезда» ТРК-м и материалхэм ялкъ иткІэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» кхъухьыр.

Нэгъуэщі къэралхэм къикІыу Урысей Федерацэм визэкІэ къакІуэ лэжьакІуэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыхуей бжыгъэр убзыхуныкІэ Правительствэм и комиссэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м ***Налшык къалэ*** ***№134-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Нэгъуэщі къэралхэм къикІыу Урысей Федерацэм визэкІэ къакІуэ лэжьакІуэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зыхуей бжыгъэр убзыхуныкІэ Правительствэм и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм накъыгъэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №104-ПП-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Правительствэм и комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Бахъуэ А. Хь. - Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі э министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэхэмкі э и управленэм и унафэщІыр (Правительствэм и комиссэм и унафэщІым и къудзэщ) *(эгъурыІуауэ)*

Къуныжь В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъэзугу хозяйствэмкІэ и министрыр

КІарэ Э. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэр;

б) Гъащтэ А. А. и кІулыкъум зэрелджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Ставрополь крайм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къудзэр *(эгъурыІуауэ)*»;

в) Правительствэм и комиссэм къыхэгъэкІыжын КІэрэф Р. Хь., Лъеиншэ М. Хь., Тутыкъу А. М. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий

Гъуэгу шынагъуэншагъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэбыдэнымкІэ 2017 гъэм лэжьыпхъэхэм я титул спискэр къэщтэнымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм мазаем и 20-м къыдигъэкІа унафэ №20-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным я Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м ***Налшык къалэ*** ***№137-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Гъуэгу шынагъуэншагъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэбыдэнымкІэ 2017 гъэм зэфІэгъэкІыныгъэхэм я титул спискэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. «2017 - 2019 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджет ахъшэр зыхуэгъэза унэтІныныгъэхэм ятещІыхьауэ зэрытрагуашэм и Іуэхукі э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм мазаем и 20-м къыдигъэкІа №20-ПП-м хэлъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий

ТрейлраннингымкІэ еплІанэ дунейпсо зэхьэзэхуэр Іуащхьэмахуэ лъапэ щокІуэкІ

Шыщхьэуіум и 3-м щегъэжьауэ трейлраннингымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІа зэхьэзэхуэр нобэ еух. Абы Италием, Испанием, Китайм, Франджым, Германием, Португалием, Польшэм, ЮАР-м, Белоруссием, Ирландием, нэгъуэщІ къэрал зыбжанэми къикІа спортсмену 800-м щІигъу хэтщ.

ТРЕЙЛРАННИНГЫР атлетикэ псынщІэм хиубыдэ спорт лІэужьыгъуэщ. Абы и купщІэр къуршхэм, кэмхэм, мэзхэм кІыхьдэжьымкІэ щызэпеуэнырщ. Иджырей зэхьэзэхуэм хэтахэм къурш щхьэдэкъпІэу плІы - Азау, Балыкъбаши, Къухьэпіэ Къарэкъая, Къытрыкъауш щхьэдэхьпІэхэр къызэранэкІащ. Спортсменхэр къыщыжа щІыпІэ нэхъ лъагэ дыдэр метр мини 3,7-м нэсырт.

ПРОДУКЦЭЩІЭР щызэхагъэувэм абы и конструкцэм хагъэхьащ температурэ лъагэм, нэгъуэщІ къызэрымыкІуэ Іуэхугъуэхэм щыхъумэныр.

«Кавказкабель» кабель завод» АО-м къыщІигъэкІыу щІидза продукцэм Іэмал къет нэгъуэщІ къэралхэм кърашурэ Урысей Федерацэм и предприятэхэм къащхьу хьэпшыпхэр ягъэмэщІэну. Абыхэм я пІэ иувэнущ Прохладнэ къалэм ирашхэр.

ТЕМЫР Дисанэ.

«Кавказкабель» кабель завод»-м къыщІигъэкІ, технологие лъагэр зи лъабжьэ продукцэм и лІэужьыгъуэхэм хегъахъуэ

Езыхэм я деж къыщагупсыса лъэныкъуэ куэдкІэ псым щызыхъумэ Іэмалхэр къыгъэсэбэпурэ «Кавказкабель» кабель завод»-АО-м къыщІигъэкІыу хуэжащ технологие лъагэр зи лъабжьэ продукцэ - псоми хуэкІуэ МонКаб монтаж кабель. Ар къыщагъэсэбэп хъунущ приборхэр щызэпащІэкІэ, къэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІ, сигнализацэм я Іэмэпсымэхэр щызэпкъраль хьэкІэ, нэгъуэщІ куэдми.

Бахъсэн районым хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм и щІыналъэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьжьым и Іуэхуи Іэ
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ
Новороссийск пэмыжыжьу гъэзугм къыщыхъуа автомобиль зэжьэхэуэныгъэм лей къыщызытехьахэм ядэІэпыкъунымкІэ КъБР-мрэ Краснодар краймрэ я дохутырхэм я зэфІэкІхэр зэщІагъэуІуэ
Темыркъан Юрий и гуапэщ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэм я творческэ зыужьыныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыдаІыгъыр
Балийр зэрыбэгъуам дегъэгуфІэ
«ДамитІ». Аращ сурэттеххэмрэ видеографхэмрэ ди деж щрагъэкІуэкІ фестивалым зэреджэр
Балтие флотым и кхъухьхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» МПК-р яхэту, зыгъэсэныгъэхэр ирагъэкІуэкІащ бийуэ къызыщагъэхъу псыщІагърыкІуэ кхъухьхэр къэгъуэтынымрэ къутэнымрэ екъэлІауэ
НэгъуэщІ къэралхэм къикІыу Урысей Федерацэм визэкІэ къакІуэ лэжьакІуэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыхуей бжыгъэр убзыхуныкІэ Правительствэм и комиссэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі э
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ
Гъуэгу шынагъуэншагъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэбыдэнымкІэ 2017 гъэм лэжьыпхъэхэм я титул спискэр къэщтэнымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм мазаем и 20-м къыдигъэкІа унафэ №20-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным я Іуэхукі э
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ
ТрейлраннингымкІэ еплІанэ дунейпсо зэхьэзэхуэр Іуащхьэмахуэ лъапэ щокІуэкІ
«Кавказкабель» кабель завод»-м къыщІигъэкІ, технологие лъагэр зи лъабжьэ продукцэм и лІэужьыгъуэхэм хегъахъуэ

● Псалъэмакъ щхьэпэ

Щыхум и хуитыныгъэхэр япэ ирагъэщ

Владимир къалэм щекІуэкІащ Урысейм Щыхум и хуитыныгъэхэмкІэ и уполномоченнэхэм я лэжьыгъэхэмкІэ и уполномоченнэм я зэзыгъэуІу советым и зэІущІэ. Абы хэтащ щыхуэхэм я хуитыныгъэхэмкІэ и уполномоченнэу КъБР-м щыІэ Зумакулов Борис.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ къэзыухъуреихь щыІуэпсым теуха мардэхэр къыхуэзгъэпэщын и лъэныкъуэкІэ щыхум и хуитыныгъэхэр къэралым зэрихъумэ щыкІэм, абы папщІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм.

Советым къыщыхалъха чэнджэщхэм япкъ иткІэ, Зумакуловым унафэ ищІащ 2017 гъэр имыкІ щыкІэ, мы унэтІыныгъэмкІэ щыхум и хуитыныгъэхэр зэрагъэзащІэм теухуа тхыгъэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хуагъэхьэзырын хуейуэ. Апхуэдэу, абыкІэ иІэ хуитыныгъэр кІигъэсэбэпу, КъБР-м щыІэ уполномоченнэм щыІуэпсыр егъэфІэкІуэнымрэ щыхум и хуитыныгъэхэр абы и лъэныкъуэкІэ хъумэнымрэ ехьэлІа законопроект КъБР-м и Парламентым къыхилъхьэнущ. АбыкІэ щІэгъэкъуэн къащІынущ КъБР-м ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэр.

ЗэзыгъэуІу советым и зэІущІэм щыхэплъащ «УФ-м и щІыналъэхэм уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр къызэрызгъэпэщамрэ зэфІагъэкІхэмрэ Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и проектым. Абы хэлъхьэн хуей зэхъуэкІыныгъэхэм теухуауэ зэІущІэм къыщыпсалъащ Зумакулов Борис. УФ-м и Къэрал Думэм а законопроектыр къищтэн и пІэ кьихуэу, Советым къыщапсалъахэм хэпльэжьнущ. Ар щыхьэт тохъуэ щыхум и хуитыныгъэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъхэм къэралым гулъытэшхуэ къазэрыхуищІым.

Щыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэр хэтащ «Территория смыслов на Клязьме» урысейпсо щІалэгъуалэ зэІущІэм. УФ-м Щыхум и хуитыныгъэхэмкІэ и уполномоченнэ Москальковэ Татьянэ иригъэкІуа а зэхуэсыр теухуат щІалэгъуалэм я хуитыныгъэхэр хъумэным.

- А зэІущІэм щІалэгъуалэм къыщаІэта Іуэхугъуэхэмрэ къата упщІэхэмрэ ятепщІыхьмэ, щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ щІэблэ къытщІохьэу икІи я хуитыныгъэхэм ахэр фІыуэ щыгъуэзащ. Быдэу си фІэщ мэхъу ди къэралым демократием зыщегъэужьыныкІэ ар сэбэп зэрыхъунур, - жиІащ Зумакуловым.

ФЫРЭ Анфисэ.

Бжьыхьэ Іуэхухэм иджыпсту щыщІэдзауэ йогупсыс

Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и деж щыІэ коллегием иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм къыщаІэта Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ бюджет Іэнатіэм хиубыдэ Іуэхущ Іапіэхэр дызыхуэкІуэ бжьыхьэ - щІымахуэ лэхъэнэм хуэгъэхьэзырыныр.

АБы пыщІауэ районым къыпэщыт къалэнхэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ КъБР-м хуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъэугу хозяйствэмкІэ и министрым и чэнджэщэгу Бэлагъы Борис, район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Ует Анатолий, къуажэхэмрэ еджапІэ щхьэхуэхэмрэ я унафэщІхэр.

ЗэІущІэм апхуэдэу щыхэплъэжащ Бахъсэн муниципальнэ районым и курыт еджапІэхэм дызэрыт илъэсым къэрал экзамен зэгуэтхэр зэрыщекІуэкІам. Абы теуха псалъэмакъым и кІэхухым Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къанкъут Рустам къыхигъэщхьэхуэкІащ мы Іуэхум ныкъуасныгъэ пыухыкІахэри зэрыхэльыр икІи ахэр гъэзэкІуэжыным гъэ еджэгъуэщІэм и ятп махуэхэм щегъэжьауэ егъэджэныгъэм и Іэнатіэм пэрыт псори егугъун зэрыхуейр.

Бахъсэн районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Университетым щІэтІысхьа япэ студентхэр ягъэлъапІэ

Шыщхьэуіум и 1-м пщыхьэщхьэр сыхьэт 18-м ирихьэлІэу зэфІэкІащ Къзбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щІэтІысхьэхэм я япэ гупыр къыхэхыныр. Бакалавриатымрэ специалитетымрэ щІэхуахэм я спискэхэр къыфІалъхьащ. Аспирантурэмрэ бакалавриатымрэ щІэтІысхьэнуэхэр иджыри къыхах. Абы бюджетым и ахъшэкІэ щеджэнущ балл нэхъыбэ дыдэ зиІэ, апхуэдэу льготэ пыухыкІахэр зыхуэгъэза студентхэр. Ахэр процент 80 хъууэ щытынущ.

СЫТ щыгъуи хуэдэу куэд хущІокъу экономикэ, юриспруденцэ, медицинэ Іэщіагъэхэм хуеджэну. Къапщтэмэ, юридическэ факультетым бюджет ахъшэкІэ щеджэну цІыху 11-м яхэхуэн папщІэ цІыху 222-м документхэр ираташ. Нэхъ мащІэщ щІэныгъэхэхэм хуеджэну хущІокъухэр. Псалъэм папщІэ, радиофизикэмкІэ къудамэм бюджет ахъшэкІэ щеджэну цІыху 25-рэ къыхахынуци, а Іэщіагъэм хуеджэну документхэр зытахэр цІыху 72-рэ хъууэ араща.

Япэ гупым хэмыхуахэм ящыщ куэд хущІэкъунущ етІуанэ гупым зэрыхэхуэнум. Ахэр къыхэхьи щаухьинур ящыщхьэуІум и 8-рщ.

КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● ЩІэ

ЗэдзэкІакІуэхэм я еджапІэ къызэІуах

Кавказ Ишхъэрэм и литературэр илъэс куэд лъандэрэ зыльхьэ, зезымыгъэужь щхьэусыгъуэхэм ящыщщ лъэпкъыбзэхэм я зэдзэкІакІуэ ирикъуу дызэримыІэр. АнэдэлъубзэкІэ утхэныр фІыгъуэ мылъытэщ, ауэ зы тхакІуи щыІэу къыщІэкІынкъым и Іэдакъэщ Іыр лъэпкъышхуэхэм я бзэкІэ зэрадзэкІыну щэмыхьуэпсу.

ЗЭДЗЭКІАКІУЭМ и пщэ къалэныншхуэ къыдохуэ икІи тхакІуэр псэкІэ ппэгъунэгъуу, абы и тхыгъэм щІилъхьа щІагъыбзэр къыбгурыІуэу зэбдзэкІыныр тыншкъым. Ар къызэхъулІэхэри щыІэщ, уеблэмэ, тхыгъэр зытахам нэхърэ куэдрэ зэзыдзэкІам нэхъыкфІ щищ кьохъу.

Литературэр зыІуцІа лъэпощхьэпохэм фІыуэ щыгъуазэ, а Іуэхум гуузлыуэ хузиІэхэу «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ, усакІуэ **Тхьэзэплъ Хьэсэнрэ** «Къэбэрдей-Балъкъэр» радиом и унафэщІ, зэдзэкІакІуэ цІэрыІуэ **Мэремкъул Ларисэрэ** я жэрдэмкІэ журналым и редакцэм дэж зэдзэкІакІуэхэм я еджапІэ къыщыдэзыхуахащ. Ар зэрагъэпсынум, абы щрагъэджэныгъэм теухуауи республикэм ис тхакІуэхэмрэ литературэджэхэмрэ хэту иджыблагъэ зэІущІэ къыщызрагъэпэщащ.

Мэремкъул Ларисэ зэІущІэр къыщызэІуихым, КъБР-м и лъэпкъ литературэхэр зэдзэкІакІуэхэм хуабжьу зэрыхуэныкъуэм, щІэджыкІакІуэхэм къебгъэщІыхуу хъун литературэ дызэриІэм и гугъу ищІащ. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ зэдзэкІакІуэхэм «я уадэр пщІэншэу зэрырамыгъэІэтынур», абыхэм я лэжьыгъэхэм щыщу «Литературная Кабардино-Балкария» журналым къытрадзэхэм хуэфащэн гугъуехьыпщІэ зэрагъэувар.

Тхьэзэплъ Хьэсэн къыщыпсалъэм жиІащ, къызэрагъэпэща еджапІэм зэманкІэ зрагъэубгъун мурад зэрадІэр, уеблэмэ щыналъэ мыхьэнэ иІэу ящыну зэрыщыгугъыр.

ЗэІущІэм кърагъэблагъат РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, усакІуэ, зэдзэкІакІуэ цІэрыІуэ **Парнарэ Анатолий**. Абы жиІащ ди щІыналъэм къыщрахьэжьа Іуэжу щхьэпэм адэжи зегъэужьыныпхъэу къызэрилытэр, ди республикэм литературэм щигъуэт гулъытэм зэрыщыгугъыкІри къыхигъэщащ. ЗэдзэкІыным хуэІэижь тхакІуэм абы и щэху зыбжанэмкІи къызэхуэсахэм ядэгуэшащ.

КъызэгъэпэщакІуэхэр зэрыщыгугъыуу еджапІэм и къарури и зэфІэкІри ин хъуну, Іуэху ирагъэжьам лъапэ махуэ ичуэ къыщІэкІыну ди гуапэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлІэу

Къалащхьэр ягъэдахэ

Зы тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу, Налшык, Лениным и проспектым, лэжьыгъэ щызэфІахащ, ди щыхэрыр республикэм и къэралыгъуэм зэпэщу ІущІэным теухуауэ.

КУЭДЫР зэрыщыгъуазэщи, проспектым тетщ ныбжьышхуэ зиІэ унэхэр. Абыхэм къызэранэкІащ тхыдэ гъэзэгуанэшхуэ, зи псэупІэу щытахэри цІэрыІуэ заущІэщ: Бэрбэч Хьэтіутіэ, Кьардэнгъущ Зырамыку, Шортэн Аскэрбий, нэгъуэщІхэри. Мы унэхэм ядыбольагъу XX пІащІыгъуэм икуэхэм ди къэралым архитектурэ гупсысэ хэлъу щаухуахэм я тепІтэ дахэр. Шхэпс хужьыбзэкІэ гъащІэрэщІа унащхьэ къэуухьэр, унэ къуапэхэр, бжэщхьэгъубжэ блыпкъэр, балконхэр ящэу ирата тепІъэм къытенащ, зэгуэр Налшык зыгъэпсэхупІэ щыпІэу зэрыщытар уи нэгу къыщІагъэхьэжу.

КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм нэмысу, мы унэхэр сыт щыгъуи хуэдэу, хужьыбзэу зэрахьащ, абыхэм я Іэгъуэблагъэри щІадзауэ зэщІагъэкабзэ, лъэс зекІуапІэхэр зэрагъэзэхуэж. Мыпхуэдэ лэжьыгъэ щокІуэкІ проспектымрэ Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрамымрэ я зэхэкІыпІэми. Абдежым щыт псыутх дахэхэм я хьуреягъым тэмакэ удэ гъэгъахэр (къэрабэхэр) щыхасэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Атлетикэ псынщІэ

«Спортсмен нэхъыфІ» цІэм щІобэн

Льагэу дэлъеинымкІэ иджырей дунейпсо чемпион Ласицкене (Кучинэ) Марие Атлетикэ псынщІэмкІэ европэпсо зэгуэхэныгъэм и жэрдэмкІэ хагъэхьащ бдзэуэгъуэ мазэм и спортсмен нэхъыфІ къыщыхахыну зэпеуэм.

ДИ ЛЪАХЭГЪУМ щыщынэмыщІауэ, спортсмен нэхъыфІ хъуну щІобэн Польшэм щыщ Влодарчик Анитэ, украин Щух Алинэ, Хорватием и лІыкІуэхэу Колак Сарэрэ Перковичи Сандрэрэ.

Фигу къыздэкІыжьыщи, мы илъэсыр къызэрихьэрэ Ласицкене Марие хэтащ дуней псом, Урысейм щекІуэкІа зэхьэзэхуэ 15-м икІи дэтхэнэми шэч къызытумыхьэн текІуэныгъэхэр къыщихьащ.

НобэкІэ прохладнэдэс бзыльхугъэм лъагэу дэлъеинымкІэ игъэува дунейпсо рекордым зыри ефІэкІыфакъым. Ар метри 2,06-рэ мэхъу.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Ставрополь крайм щыщ цІыхур, Сириемкіуэну зи мурадар, КъБР-м щаубыд

Налшык икІыу Истамбул кІуэ къуэхьлъатэм щитІысхьэм, КъБР-м шынагъуэншагъэмкІэ и органхэм «Налшык» аэропортым щаубыдащ илъэс 21-рэ зи ныбжь, Ставрополь крайм щыщ щІалэр.

ИНТЕРНЕТЫМ экстремистхэм ираІъха тхыгъэхэм ягъэжэкъуа щІалэм и мурадащ Тыркум икІыу Сириемкіуэну икІи «Ислъам къэралыгъуэ» террорист зэгуэхьэныгъэм хьихьэну.

Яубыдар щыпсэу щІыпІэм щыІэ хабзэхъумэ органхэм иратыжащ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуіум и 5, *щэбэт*

♦**Светофорым и дунейпсо махуэщ**. 1914 гъэм США-м щыщ Кливленд къалэм щыфІадзащ икІи къагъэсэбэпу щыхуежьащ япэ светофорыр.

♦**1789 гъэм** Франджым пщыІыгъэр щагъэкІуэдыжащ.

♦**1884 гъэм** дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа скульптурэм - Щхьэхуитыныгъэм и статуем - и лъабжьэр Нью-Йорк щагъэтІылъащ.

♦**1940 гъэм** Латвиер СССР-м хагъэхьащ.

♦**1941 гъэм** Одессэ къалэр фашист зэрыпхъуакІуэхэм ящыхъумэным теухуа зауэм щІидзащ. Ар махуэ 73-кІэ екІуэкІащ.

♦**1943 гъэм** Сталиным и унафэкІэ Москва хьэрэкІытІэхэр щыдгагъэлъэтеящ Хэку зауэшхуэм къыщыхьа япэ текІуэныгъэхэм я щыхькІэ - Орёл, Белгород къалэхэр хуит къызэращІыжам и саулькъуклэ.

♦**1956 гъэм** Москва Лениным и цІэр зезыхьэ и стадионым къыщыщІэуа-хащ СССР-м ис лъэпкъхэм я япэ спартакиадэр.

♦**1963 гъэм** ядернэ Іэщэр хьэуам, хьэршым, псы щІагъым щымыгъэуІэнэхуным теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ традзащ.

♦**1967 гъэм** «Пинк Флойд» инджылыз рок-гуп щэрыІуэм и япэ альбомыр къыдэкІащ.

♦**1975 гъэм** Тюмень - Сургут гъущІ гъэгум япэ мафІэгур ирикІуащ.

♦**1996 гъэм** Урысейм къыщащтащ президент властым и дамыгъэхэр - УФ-м и Президентым и Бэракъыр, Президентым и Нагъыщэр, Урысей Федерацэм и Конституцэр, къэралым и Президентым папщІэ щхьэхуэу къыдагъэкІар.

♦**2016 гъэм** Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) къыщыщІэуІэхащ XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгуэр.

♦Урыс сурэтыщІ-живописец щэрыІуэ **Репин Иван** къызэралъхурэ илъэси 173-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакІуэ **Ги де Мопассан** къызэралъхурэ илъэси 167-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ-уэрэдыст **Лебедев-Кумач Василий** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Авиаконструктор, академик, Социалист Лъжьыгъэм тІэунейра и ЛІыхъужь, къэрал дамыгъэ лъапІэ, саугъэт куэд зыхуагъэфэща **Микоян Артём** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Хъаний Мирон** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артист, КъБР-м и цІыхубэ артист **Алэкъуей Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

Шыщхьэуіум и 6, *тхьэмахуэ*

♦**Ядернэ Іэщэр мыдэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Хиросимэ и махуэщ**. 1945 гъэм Японием и Хиросимэ къалэм США-м и къхъухьлъатэм атом бомбэ щридзыхащ.

♦**«Дунейм и дохутырхэр мамырыгъэм и тельхьэщ» дунейпсо махуэщ**

♦**ГъущІ гъэзыгъ пэжьакІуэм и махуэщ**

♦**УФ-м ГъущІ гъэзыгъ кулыкъу щызыщІэ и дзэхэм я махуэщ**. 1851 гъэм Урысей къэралыгъуэм гъэзыгъ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и командующэ нэхъыщхьэм унафэ зыщідигъэкІащ Санкт-Петербургрэ Москварэ зэпызыщІэ гъущІ гъэзыгъ гъэлпжьэнымрэ хъумэнымрэ теухуауэ.

♦**Боливием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**Аргентинэм щагъэлъапІэ Сабийм и махуэр**

♦**1889 гъэм** боксёрхэм Іэлъэ яІэрымыгъыу ирагъэкІуэкІа иужьрей зэІущІэр зэхэтащ.

♦**1940 гъэм** Эстониер СССР-м хагъэхьащ.

♦**1961 гъэм** совет космонавт Титов Герман «Восток-2» къхъухьым ису хьэршым лъэтащ. Гагарин Юрий и ужькІэ хьэршым кІуар аращ. Титовыр хьэршым итащ сыхьэт 25-рэ дакъикъэ 11-кІэ, ЩІыр 17-рэ къилъэтыхьыху.

♦**1941 гъэм** ВЛКСМ-м и обкомым унафэ ищІащ республикэм и щІалэгъуалэм ящыщу Дзэ Плъыжьым связист 400 хуагъэхьэзырыну.

♦**1991 гъэм** япэ Интернет-серверым лэжьэн щІидзащ.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къасым Алий** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Тыркум щыщ тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Челик Уэсмэн (Хьэкъуратэ)** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Афганистаным и президенту щыта **Наджибулла Мухьэммэд** къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.

♦УэрэджэІакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и артисткэ **Хьэрэдугъэ Динэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УэрэджэІакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артисткэ **Шэгуудж Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, Плехановым и цІэр зезыхьэ академием и профессор, ЩІДАА-м и академик **Пащты Лейлэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 33-рэ, жэщым градус 21 - 24-рэ щыхьунущ.

Шыщхьэуіум и 7, *бныщхьэ*

♦**1646 гъэм** къэзакъ атаман Пожарский Семёнрэ адыгэпщ Черкасский Муцалрэ зауэлІ мини 6 зыхэт я дзэр Нурадин-Джэрий и лагерым теуэри, зыбэсабэу зэтракъутащ.

♦**1803 гъэм** «Надежда», «Нева» къхъухьэр, капитан-лейтенантэу Крузенштерн Иванрэ Лисянский Юрийрэ зи унафэщІхэр, дунейр къызэхакІухьыну ежьащ. А зекІуэр илъэсищкІэ екІуэкІащ.

♦**1833 гъэм** Черепанов зэадзэзэкъуэзу Ефимрэ Миронрэ Урысейм япэ дыдэу мафІэгу щащІащ, гъущІ гъуэгуу километри 3,5-рэ щаухуащ.

♦**1942 гъэм** Къзбэрдей-Балъкъэрым зауэ щытыкІэ щагъэуващ.

♦**1987 гъэм** США-м щыщ, псы есныкІэ цІэрыІуэ хъуа Кокс Линн уи фІэщ мыхъун хахуагъэрэ тегушхуэныгъэрэ къыкъуэкІащ. Градусих фэкІа зи мыхуабагъэ псым щесурэ, США-м къыщыщІидзэри Урысейм къэсащ ар. Кокс зэпиупщІащ метр 4160-рэ зи кІыхьагъ Берингов псыдэжьпІэр - Аляскэ штатым хыхьэ Диомид ЦІыкІу хьІІыгум къыщежьэри, Урысейм и Диомидышхуэ хьІІыгум нэсу къыз ыкІыпІ фащ.

♦УэрэджэІакІуэ, СССР-м, Украинэм, Молдавием и цІыхубэ артисткэ **Ротару Софие** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Футболист, тренер цІэрыІуэ, СССР-м щІыхь зиІэ и гъэсакІуэ **Газзаев Валерий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ киноактёр цІэрыІуэ **Духовны Дэвид** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 34-рэ, жэщым градус 22 - 24-рэ щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Унагъуэ зиІэм унагъуэ и пІалъэ ещІэ.

● Каратэ

Медаль зэмылІэужьыгъуэхэр

Дон Іус Ростов мы махуэхэм щекІуэкІащ Урысейм и еджакІуэхэм я VIII гъэмахуэ Спартакиадэм и кІэух зэІущІэхэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ ди къэралым и щІыналъэ 40-м кьикІа зи ныбжьыр илъэс 16-17-м ит ныбжьыщІ 150-м щІигъу. КаратэмкІэ Къзбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм абы медалищ щызыІэрагъэхьащ.

«Кумитэ» лІэужьыгъэмкІэ дыщэ медалэхэр кьахьащ Мэкъуашэ Миленэрэ (кг 48-рэ) Щомахуэ Регинэрэ (кг 53-рэ).

Зи хьэлъагъыр килограмм 61-м нэблагъэ Мухин Тамерлан зэхьэзэхуэм и жэз медалыр кьылъысащ.

Спортсменхэр Спартакиадэм хуагъэхьэзыращ тренерэу Щомахуэ Владимиррэ Нэхущ Русланрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

● Франджы таурыхъхэр

Мэлыхъуэмрэ пащтыхьыпхъумрэ

Зэгуэрым псэуащ зи гъащІэ псом къриубыдэу зэи пщІыупс иримыхьэлІауэ тхъэ зыІуэ пащтыхьыр. Ауэ, абы и пщылІэжм куэдрэ къраІуэкІырт: «Ар пщІыщ. Уэ упщІыупсщ!» жиІэурэ абыхэм куэдрэ зэражриІэр. Пащтыхьыр абы куэдрэ иризэгуэпырт. ИкІэмикІэжьм и пщылІэжм жриІащ:

- ФЭ СЫКЪЫВОГЪЭУІЭБЖЬ икІи си жагъуэ фощІ. НэгъуэщІ щІыпІэм кьикІа гуэрым фызэхихамэ, пщІыупс гупым срапашэу къыщыхъунт. Абы кІэ игуэятіну сыхуейщ. Дяпэкіэ апхуэдэ псалъэ жысІэу зэхэфхынукъым икІи си пхъур щхьэгъусэу естынущ «Ар пэжкъым!» е «Пщы боупс!» жысІауэ зэхэзэхыным.

Пащтыхьым и псалъэр зэхэзыха мэлыхъуэ щІалэмэ и щхьэм хужиІэжащ: «Хъунщ! Ар и псалъэм тетыжыр пэжмэ, ипхъур си Іэрылъхьэщ!».

Пащтыхьым щІыхубэ уэрэдыжьхэр, таурыхъ гъэщІэгъуэнхэр фІыуэ илъагъурт. Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым ар шхапІэм щІэт жьэгу мафІэшхуэм пэрытыхьэрти, и пщылІхэр зэрыуэрщэрым, уэрэдэр зэрыжаІэм едаІуэрт. Дэтхэнэми чэзууэ уэрэд е таурыхъ жиІэрт.

- Уэ, щІалэ, зыри пщІэуэ къыщІэкІынукъым, - къыжриІащ пащтыхьым зы пщыхьэщхьэ гуэрым мэлыхъуэ щІалэм.

- Дедэ Іуэнщ пщІэм.

Мэлыхъуэм къыщІидзащ:

- Зэгуэрым, мэзым сыщІэту сыздэкІуэм, тхьэкІумэкІыхь пшэр срихьэлІащ. Ар схуэзанщІабзэу къажэрт, зыри имылъагъум хуэдэу. Сагъыз Іэшкіэ сыгъти, абыкІэ тхьэкІумэкІыхьым сыщеуэм, и натІэм сытехуэри, абдежым кІэрынащ. ТхьэкІумэкІыхьыр адэкІэ щыщІэпхъуэжым, нэгъуэщІ зы тхьэкІумэкІыхь къыхуэжэу ирихьэлІэри, ТІури натІэкІэ зэжьхэзри зэкІэрыщІащ. Дауэ яцІыи ахэр зэкІэрыкІыжьфыртэкъымии, тІури зэгъусэу къэзубыдащ. Ар дауэ къыпщыхъурэ, зи щІыхьыр ин?

- Си фІэщ хъущэркъым, - жиІащ пащтыхьым, - ауэ, пэжыгкІи хъунщ. Иджыри сыт къыдженІэн?

-Уипщ1антІэм мэлыхъуэу сыщыІэжьэн ипэ, си адэм и щхьэлым сыщридзэІэпыкъуэгъут. Зэгуэрым, си шыдым хуэмыхьын хьэлъэ щытеслъхьэм, абы и тхыцІэр къутащ.

- Шыд тхьэмыщкІэ цІыкІу! - къыхэкІиикІащ пащтыхьыр.

Мэлыхъуэм пищащ:

- Дейм сыбгъэдыхьэщ, сэ цІыкІукІэ и зы къудамэр къыпызупщІри, си шыдым и тхыцІэм и пІэкІэ хэзгъэтІысхьащ. Апхуэдэу щыхъуэм, ар псынщІэу къызэфІэтІысхьэжри, зыри къэмыхъуам хуэдэу, и хьэлъэр зэрытелъу щхьэлымкІэ иунэтІыжащ.

- ГъэщІэгъуэнщ, - жиІащ пащтыхьым. -АдэкІэ-щэ?

- КъыкІэлъыкІуэ пщэдджыжьым хуабжьу сыкъэупІэбжьащ (дыгъэгъазэ мазэр екІуэкІырт), шыдым къыхэпІиикІ къудамэ кІапэм зы жэщым и кІуэцІкІэ тхьэмпэхэр къытекІат, дэхэр къыпыкІат. Шэщым шыдыр къыщІэсшащ. Къудамэр нэхъри ин хъум-хъуурэ, уафэм нэсащ.

- ГъэщІэгъуэнщ, - жиІащ пащтыхьым. - АдэкІэ-щэ?

- Ар щыслъагъум, къудамэхэм сыдэкІуеийэу щІэздзэри, мазэм сынэсащ.

- Телъыджэщ, - жиІащ пащтыхьым. - АдэкІэ-щэ?

- Мазэм сыщынэсым, фызыжь гуп лажьэу срихьэлІэри, абыхэм куэдрэ сакІэлъыплъащ. Сыкъэхьжьыну мурад щысщІам, къудамэр згъэутыжьыртэкъым. Шыдыр зыщІыпІэ щыбзэхьыжат. Сытыт сщІэнур? Гъэдэ щхьэмыжхэр зэІусщэурэ кІапсэ сщІыри, абыкІэ сыкъэхьжу щІэздзащ.

- Ар уи фІэщ щІыну гугъущ, - жиІащ пащтыхьым. - АдэкІэ-щэ?

- Ар си фІэщ сщІыными сымыщІынуми сщІэркъым, - жиІащ пащтыхьым. - АдэкІэ-щэ?

- Къыр дзакІэм зыкъыхэсчыжьыным апхуэдизкІэ къару куэд тезгъэкІуэдати, си пкъымрэ си щхьэмрэ зэкІэрычри, си щхьэр къырым къыхэнащ. ГъущІ лом къэзгъуэтыну сыщІэпхъащ, си щхьэр къыхэсчыжьи папщІэ.

- Ар дауэ уи фІэщ зэрыпщІынур? - жиІащ пащтыхьым. - АдэкІэ-щэ?

- Ломыр сыгъэиу къыщызгъэзэжам, си щхьэм егъуу щыт дыгъужьышхуэм срихьэлІащ. ГъущІ ломымкІэ абы и щІыбым сыщеуэм, езыр щІэпхъуэжащ. Абы зы тхьылъымпІэ къыкІэрыхуащ.

- Телъыджэщ! Телъыджэщ! - жиІащ пащтыхьым. - Сытыт абы итыр?

- Абы итт си адэшхуэ щхьэлтетым и деж уи адэр зэгуэр щыІэпыдзлъэпыдзауэ.

- Тхьэ соІуэ пщы боупскІэ, хьэ щыгъуэ! - кІиящ пащтыхьыр, къыщыпытэри.

- Сыту фІыт, зи щІыхьыр ин! Иджы си кІэн къикІащ: уи пхъур си Іэрылъхьэщ! - жиІащ мэлыхъуэм.

- Ар дауэ? Сыт абыкІэ жыпІэну узыхуейр? - щІэупщІащ пащтыхьыр.

- «Пщы боупс», - жыпІэу зыгуэрым жепІэуэ укъэзыуфыщ дэтхэнэми, ар хэту щытми, уи пхъур щхьэгъусэу ептыну псалъэ птатэкъэ?

- Пэжщ. Пащтыхьым сыт щыгъуи и псалъэр игъэпэжьин, абы тетын хуейщ. Си пхъур щхьэгъусэ пхуэхъунщ. Пщэдей нэчыхьыр тхъынщ. Тхьэмахуэ дэкІмэ, хьэгъуэлІыгъуэр кьыдэтхынщ.

Апхуэдэу, зы псалъэ закъуэкІэ мэлыхъуэм пащтыхьыпхъур щхьэгъусэ хуэхъуащ!

Пасэ зэманым зы пщащэ псэуащ. Абы и ныбжьыр илъэс пщыкІутху щрикъум, и анэр дунейм ехьжащ. КъыкІэлъыкІуэ гъэм и адэм къишэжащ зи щхьэгъусэр зыфІэкІуэда, пхъуищ зиІэ бзылъхугъэ. Абы ипхъу щхьэхынэхэр махуэ псом Іэхуэ ямыщІэу зэхэст. Аннеттэ цІыкІу махуэ псор губгъуэм щигъакІуэрт, мэл игъэхуэу. ПщыхьэщхьэкІэрэ унэм екІуэлІэжа нэужьи, зы-гъэпсэхупІэ кърамыту езыхэм яуцІэпІа хьэкъущыкъуэр ирагъэтхьэщІыжьырт, Аннеттэ хьэкъущыкъуэм зэи ирамыгъэшхыкІми.

ПЩЭДДЖЬЖЬ къэс абы щІакхъуэ фІыщІэ Іыхьэ къратырт, унэм къэмыкІуэжу губгъуэм шэджэгъуашхэ щищІын папщІэ. АнэнэпІэсым абы нэхъыбэм вэгъурт иритыр. ГъэщІэгъуэнтэкъым хъыджэбз тхьэмыщкІэр щІэх-щІэхьыурэ зэрымэжэщІалІэр.

Зэгуэрым, и шэджэгъуашхэ тІэкІур здищІым, псыежэхым кІуэу псы трифыхьыжа нэужь, мэлыхъуэ пщащэр егупсысу щІидзащ и гъащІэр нэщхъейуэ зэригъакІуэм. «Си анэр щыпсэуам си псэукІэри нэгъуэщІынут. ЩІыІэми мэжэщІалІагъамэ абы сыщихьумэрт. ФІыуэ сыкъилъагъурт, къысхуэщабэт, къысхуэгуапэт!»

И блэкІар игу къыщигъэкІыжьм, мэлыхъуэм и гур къыззофІэнэри гъащ, ауэ, и нэпсхэр къызэрижьхьэ-уэ къыщыдэпльэйм, гуапагъэр зи нэгум кьрих бзылъхугъэм Іуплъащ. Ар хур хъыджэбз тхьэІухудт.

- Сыт къыпщыщІар, си хъыджэбз? - щІэупщІащ тхьэІухудыр.

- Си анэ гуапэр сигу къэкІыжащи аращ сыщІэгъыр.

- СощІэ, сощІэ - уи анэр зэрыпфІэкІуэдар, иджы узэрыпасыпынщэр: ауэ, зышыІэ, си нэІэ птезгъэтынщ, уи гуауэр пщыгъэпсынщІэнщ. ЯпэщІыкІэ мы башыр къыздэщтэ: ушхэну ущыхуейм дежь, мэл фІыцІэм башыр мащІэу лъэбгъэІэсмэ зэфІэкІащ.

ТхьэІухудыр кІуэдыжащ, хъыджэбзым фІыщІэ хуищІыну хунэмысу. Мэлыхъуэм башым и кІаруэр зыхуэдэр нэхъ псынщІэу зригъэщІэну хуэпІащІэртэ, мэл фІыцІэм ар зэрылъытэрт, щхьэнигъуэ зэшІуахьэ-ныжьыгъуэр зыштет Іэнэ берычэтыр и пащхьэм къыщыхутащ. ЗигъэнщІыкъу шхэри, мэлхэр ихьуэмэныкІэ къыдэІэпыкъу и мэлыхъуэхьэри игъэшхащ.

Махуэ къэси апхуэдэт: мэлыхъуэр хуей зэрыхъуу, пащтыхь Іэнэм нэхърэ нэхъ берычэту узэда Іэнэр и пащхьэм кьихутэрт. Апхуэдэурэ щыкІуэм, хъыджэбз гъур къаруунышэм къарууфІэ къыщыкІащ, и уэнышагъэри зэтеувэжащ. АнэнэпІэсым игъэщІагъуэрт имыгъашхэ пэтми, и мылъхупхъур махуэ къэс нэхъ пІащэ зэрыхъур. Іэхуум химыщІыкІыу зыгуэр зэрыхэлъымкІэ гурыщхъуэ ищІащ.

- Хъунщ, си анэ, псоми сыкІэлъыплъынщ.

Ауэ, Фаншетти и шыпхъум къыщыщІа дыдэр къыщыщІащ. Ар жейри зыри илъэгъуакъым. И анэр абыи текІиящ.

- А щхьэхынитІыр губгъуэм зэрыщыжьяям шэч къытесхьэркъым. Иджы Іуэхур нэгъуэщІу къызэдгъэпэщынущ. Лизеттэ, си бжэн цІыкІу, уи анэм и деж къэкІуатэ. Пщэдей Аннеттэ и гъусэу губгъуэм укІуэнущ. Уеэзшмэ - жей, уи нэ лъэныкъуэр зэтепІэ, етІуанэрэ зэтепІэ, ауэ уи нэ щІыбагъым изгъэтІысхьэну нэр зэтумыпІэ. Уи пщэрылъыр умыгъэзащІэмэ, укъызэлынукъым.

Лизеттэ и анэр къигъэгугъащ гулъытэншэу зыри блимыгъэкІыну. Абы къижьхьуэрэ езэша нэужь, Аннеттэ и лъакъуэхэм и щхьэр трилъхьащ. Нэхъапэхэми хуэдэу, Аннеттэ уэрэд жиІэу щІидзащ: «Уи нэ лъэныкъуэр зэтепІэ, си шыпхъу цІыкІу, адрей уи нэ цІыкІури зэтепІэ! Уи нэ лъэныкъуэр зэтепІэ, си шыпхъу цІыкІу, адрей уи нэ цІыкІури зэтепІэ!». Ауэ абы ищІэртэкъым Лизеттэ нэ ещанэ зэриІэр: ар зэтехауэ къыщынэм кІэлъыплъащ шхыныгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр зытет Іэнэ берычэтым Аннеттэ хуэныкъуэ щыхъум ищІам. Лизеттэ зимыгъэгубвэу илъэгъуар и анэм жриІэжащ.

- Си анэ, гъэщІэгъуэнкъым мэлыхъуэр апхуэдизу пшэр зэрыхъур - ар дэр нэхърэ нэхъыфІу мэпсэу. Мэл фІыцІэм абы шхыныгъуэрэ пхъэщхьэмыщхьэу кьритым щІэи гъуни итэкъым!

АнэнэпІэсыр апхуэдэ насып къызэуэлІа и мылъхупхъум ещхьэпсащ ирикІу иритыну мурад ищІащ. Ар пІэм гъуэлъри, сымаджэу фэ зытригъэуащ.

- СылІэну къысщохъу, - жриІащ абы и щхьэгъусэм, - ауэ, си хущхъуэгъуэр сощІэ.

- НтІэ, жьыІэ, къыпхуэдгъэсынщ.

- Мэл фІыцІэ сшхыну сигу кьихьащ.

- Аркъудей? Ар псынщІэу тхуэгъэззэщІэнущ! Мэл фІыцІэми хужьми тІури зэхуэдэу схуфІэгъэжьынущ.

Аннеттэ псалъэмакъыр зэхихати, и адэм сэр илъыху езыр чэтым кІуащ.

- Си мэл фІыцІэ, псынщІэу дыщІэгъэпхъуэж! УфІагъэжьну жаІэ!

- Умышынэ! Абыхэм уапэмыув. ЩыхуейкІэ сраукІ. Уэ иужькІэ мыр щІэ: си тхьэмщІыгъур зыІэрыгъэхьи хадэм щыщІэтІэ.

Аннеттэ куэдрэ гъами зыри хуІэмыкІыу и мэл фІыцІэр фІагъэжащ.

Аннеттэ цІыкІу

- Мари, - зыхуигъэзащ абыипхъу нэхъыжьым, - мэлыхъуэм и гъусэу губгъуэм кІуэи, абы ишым утемыплъэкъуэкІыу кІэлъыплъ икІи зыри думыгъэхуу кьызжІэж. Ауэ, ущІэкІуар езым къыумыгъащІэ икІи гурыщхъуэ йомыгъэщІ.

Мари Аннеттэ и гъусэу кІуэри, и шыпхъум унэм зэрыщыхущытым нэхърэ нэхъыфІу зыхуищІ хуащ: дзэл къудамэхэмкІэ чы матэ хуихуащ икІи губгъуэ удз гъэгъа Іэрамэ дахэ хуэзхуихьэсащ. Ауэ, губгъуэм хуэдизкІэ къыщыхьыкъуемыса Мари псынщІэу щеэзышм, зигъэпсэхну удзыпщІэм хэтІысхащ.

- Си гъунэгъуу къэтІысри уи щхьэр си лъакъуэм къытелъхьэ, уи щхьэцыр пхуэзжьынщ, - жриІащ Аннеттэ и шыпхъум. Хъыджэбз цІыкІур къыкІэлъэгъэплъыну къызэрагъэкІуар мэлыхъуэм къыгурыІуати, и щхьэцыр хуижьурэ щхъу цІыкІуу дзапэ уэрэд жриІэу щІидзащ: «Уи нэ лъэныкъуэр зэтепІэ, си шыпхъу цІыкІу, адрей уи нэ цІыкІури зэтепІэ! Уи нэ лъэныкъуэр зэтепІэ, си шыпхъу цІыкІу, адрей уи нэ цІыкІури зэтепІэ!». Уэрэд жриІэурэ Мари игъэжейри, езыр шхащ. И шыпхъум зыми гу лъитакъым.

- Сыт, Мари? - щІэупщІащ анэнэпІэсыр и пхъур къэкІуэжа нэужь, - къызжепІэфыну Аннеттэ апхуэдизу езэгъ шхыныгъуэр зыхуэдэр?

- Быдэу уи фІэщ щІы, си анэ, абы ишхыу сІъэрІуар щІакъуэ фІыцІэращ. Зэфари псыежэхым щыщщ.

- КІуэи жей, хуэмыху! Уи шыпхъум нэхъыфІу зыхиригъэкІынщ ар. Фаншеттэ, кьедаІуэ бжесІэм: пщэдей нэхущым укъэтэджынурэ Аннеттэ и гъусэу губгъуэм укІуэнущ. ИщІэмрэ ишхымрэ кІэлъыплъи къызжеІэж.

- Хъунщ, си анэ, псоми сыкІэлъыплъынщ.

Ауэ, Фаншетти и шыпхъум къыщыщІа дыдэр къыщыщІащ. Ар жейри зыри илъэгъуакъым. И анэр абыи текІиящ.

- А щхьэхынитІыр губгъуэм зэрыщыжьяям шэч къытесхьэркъым. Иджы Іуэхур нэгъуэщІу къызэдгъэпэщынущ. Лизеттэ, си бжэн цІыкІу, уи анэм и деж къэкІуатэ. Пщэдей Аннеттэ и гъусэу губгъуэм укІуэнущ. Уеэзшмэ - жей, уи нэ лъэныкъуэр зэтепІэ, етІуанэрэ зэтепІэ, ауэ уи нэ щІыбагъым изгъэтІысхьэну нэр зэтумыпІэ. Уи пщэрылъыр умыгъэзащІэмэ, укъызэлынукъым.

Лизеттэ и анэр къигъэгугъащ гулъытэншэу зыри блимыгъэкІыну. Абы къижьхьуэрэ езэша нэужь, Аннеттэ и лъакъуэхэм и щхьэр трилъхьащ. Нэхъапэхэми хуэдэу, Аннеттэ уэрэд жиІэу щІидзащ: «Уи нэ лъэныкъуэр зэтепІэ, си шыпхъу цІыкІу, адрей уи нэ цІыкІури зэтепІэ!». Ауэ абы ищІэртэкъым Лизеттэ нэ ещанэ зэриІэр: ар зэтехауэ къыщынэм кІэлъыплъащ шхыныгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр зытет Іэнэ берычэтым Аннеттэ хуэныкъуэ щыхъум ищІам. Лизеттэ зимыгъэгубвэу илъэгъуар и анэм жриІэжащ.

- Си анэ, гъэщІэгъуэнкъым мэлыхъуэр апхуэдизу пшэр зэрыхъур - ар дэр нэхърэ нэхъыфІу мэпсэу. Мэл фІыцІэм абы шхыныгъуэрэ пхъэщхьэмыщхьэу кьритым щІэи гъуни итэкъым!

АнэнэпІэсыр апхуэдэ насып къызэуэлІа и мылъхупхъум ещхьэпсащ ирикІу иритыну мурад ищІащ. Ар пІэм гъуэлъри, сымаджэу фэ зытригъэуащ.

- СылІэну къысщохъу, - жриІащ абы и щхьэгъусэм, - ауэ, си хущхъуэгъуэр сощІэ.

- НтІэ, жьыІэ, къыпхуэдгъэсынщ.

- Мэл фІыцІэ сшхыну сигу кьихьащ.

- Аркъудей? Ар псынщІэу тхуэгъэззэщІэнущ! Мэл фІыцІэми хужьми тІури зэхуэдэу схуфІэгъэжьынущ.

Аннеттэ псалъэмакъыр зэхихати, и адэм сэр илъыху езыр чэтым кІуащ.

- Си мэл фІыцІэ, псынщІэу дыщІэгъэпхъуэж! УфІагъэжьну жаІэ!

- Умышынэ! Абыхэм уапэмыув. ЩыхуейкІэ сраукІ. Уэ иужькІэ мыр щІэ: си тхьэмщІыгъур зыІэрыгъэхьи хадэм щыщІэтІэ.

Аннеттэ куэдрэ гъами зыри хуІэмыкІыу и мэл фІыцІэр фІагъэжащ.

АнэнэпІэсымрэ ипхъуэмрэ мэлылымкІэ загъэтхъэжащ. АнэнэпІэсым и «узыр» абы занщІэу щхьэщикащ, - ящІэ абы быдзу и фІэщ хъурт и мылъхупхъум зэран зэрыхуэхъуар.

Аннеттэ мэлылым щыщ Іыхьэфі и мылъхупхъум иритыну щысхьырти, тхьэмщІыгъур хуишиящ:

- Мэ, хъащтэ, мыбы урикъунщ!

Аннеттэ зыхуеихэр арати, мэлым къызэрыкриІам тету, хадэм тхьэмщІыгъур щыщІитащ. Абдежым жыг къыщыкІащ. Ар апхуэдизкІэ лъагэти, нэхъ пкІэльей ин дыдэр кІэрыбгъэуэмэи и къудамэхэм ульэІэсынутэкъым. Ар апхуэдизкІэ джафэти, и лъэдий ныкъуэм нэс мыхъуми, зыри дэкІуеифынутэкъым. Абы къыпыкІ пхъэщхьэмыщхьэхэр псоми ягу ирихьырт, ауэ еплъ мыхъумэ, зыІуагъэхуэну Іэмал яІэтэкъым. Аннеттэ и закъуэт ахэр къыпызычыфыр, сыту жыпІэмэ, къудамэхэм езыр-езырурэ зыкъыхуеэзышэхыр арат.

Зэгуэрым а щІыпІэхэмкІэ пащтыхьыкъуэр здыблэжьм, а жыгым къыпыкІа пхъэщхьэмыщхьэхэм гу лъитащ. Абы щыщ ишхыну и гурыІупсыр къэжами, зыми къыхупычыртэкъым. Пащтыхьыкъуэр апхуэдизкІэ а пхъэщхьэмыщхьэхэм ехъуэпсати, псалъэ быдэ итащ абы щыщ хэт къыхупичами, и пхъур щхьэгъусэ ищІыну. Адэ-анэ псори я насыпым хущІэкъуащ, апхуэдизи езыр-езыру пхъэщхьэмыщхьэхэр къыпачыну хэтащ. Ауэ, зыми зыри къехъулІакъым.

Аннеттэ и анэнэпІэсыр ипхъуэм хуэупсэщ, езыр псом нэхърэ нэхъ Іэмалшыуэ зыкъилъыштэжри, пкІэлъей кІыхь иригъэщІащ жыгым иритупсеину. Арщхьэкіэ, пкІэлъейр кІэщІыІуэу къыщІэкІащ. Абы утету жыг къудамэхэм ульэІэсыртэкъым. АнэнэпІэсыр пкІэлъейм и дэкІуеинІэ нэхъ лъагэ дыдэм теуэри, лъэпэпций зищІащ и щхьэщыгум ит пхъэщхьэмыщхьэхэр къыункІэ мураду. ПкІэлъейр къуэфэрэнкІщ, езыр къехуэхри, и пщэр икутащ. Абдежым абы и губжьым кІэ игуэятащ.

А Іуэхугъуэм жыгым пхъэщхьэмыщхьэ зыпыІэзычыну щІэхъуэпс псори ІуигъэкІуэтащ - иджы зыри ирихьэжьырткъым пкІэлъейм теувэну е жыг лъэдийм дэкІуеину зрипщытыну. Арщхьэкіэ, а пхъэщхьэмыщхьэм апхуэдизу щІэхъуэпс пащтыхьыкъуэм абы щыщ Іумыхуэмэ, сымаджэ ирихьэнкІэ шынагъуэт. Абдежым Аннеттэ щІыкІу пащтыхьыкъуэм игу щІэгъащ. Ар жыгым щыбгъэдыхьэм, и къудамэхэм езыр-езыру зыкъращхэащ, пхъэщхьэмыщхьэр къыпичыфри хуэдэу. Аннеттэ пхъэщхьэмыщхьэр матэ из иригъэкъури, пащтыхьыкъуэм хуихьащ.

АдэкІэ Іуэхум къыкІуар гурыІуэгъуэщ: Аннеттэ пащтыхьыкъуэм и щхьэгъусэ хъуащ икІи я гъащІэ псокІэ насыпыфІэу ахэр зэдэпсэуащ.

Щхьэлтетым и уэсятыр

Щхьэлтет лІыжьым къуиплІ иІэт. Хуэмыкъулейми, абы и щІалиплІыр зыхуей хуэзэу къигъэхъуащ икІи дунейм щехьжьым уэсят хъахъуигъэнащ. И къуэ нэхъыжьым щхьэлыр, курытитым адакъэмрэ пкІэлъеймрэ, нэхъыщІэм джэдур щІэину къахуигъэнащ.

ЗЭКЪУЭШИПЛІЫР зэгурыІуэрэ-зэдэІуэжу псэун фІэкІ къахуэттэкъым, ауэ я къуэш нэхъыжьыр щхьэлтет зэрыхьурэ нэпсей, и къуэшхэм яфІэнэрэй хъуат. Я къуэш нэхъыщІэм хуэмышІэчыж щхьэхум, и адэм щІэину къыхуигъэна джэдур къищтэри насыплъыхъуэ ежьащ.

Гъуэгуанэ мащІэ зэпича, гъуэгуанэ кІыхь къикІуа, джэдур зэи щамышІэгъуэ щыпІэхэм ар нэблэгъащ. Зы бзылъхугъэ угъурлым и унэм ар иригъэблэгъащ. Унэгуащэм и быниблым хъудыр яхуигъэхьэзыру щрихьэлІэн, Іуэгуанэ тет щІалэри ирихьэжащ мурад ищІащ. Хъудырыр хьэзыр зэрыхъуу, псори Іэнэм етІысыпІэри я тепщэчхэм яхурикІащ. Абы ирихьэлІэу къатеуа дзыгъуэхэм хъудырым зрадзащ.

- Апхуэдэхащ зэпымыууэ! - тхьэусыхащ щІыхубзыр. - Дзыгъуэхэр зэрыдгъэкІуэдын Іэмал къэдмыгъуэту хъунукъым.

- Фымынэщхьей. Абыи Іэмал иІащ, - хьэщІэм бзылъхугъэм зыхуигъэзэри, и джэдур дзыгъуэхэм яриутІыпщащ. Джэдур абыхэм яхурикъуащ: ишхыну зыхуэнэмысахэр езыр-езыру щІэпхъуэжахэщ. Бзылъхугъэм ищІэртэкъым щІалэм зэрегуэпэкІыну щІыкІэр.

- Уи джэдур мыхъуэтэмэ хъудырыр дзыгъуэхэм яшхыжат.

- Джэдур саугъэт папщІэу узот-тІэ. Ар фэ нэхъ къыфхуэщхьэпэнущ. Сэ абы и фІи и Іеи къызэкІыркъым.

Джэдум папщІэ къуажэдэсхэм щІалэм тыгъэ зыбжанэ хуащІащ, ахъшэ кУэди зэхуихьэсащ. Абы унэм игъэзэжащ къеХуэлІам хуабжьу ириарэзыуэ.

- Дэри унэм дыдэскІэ фейдэ диІэкъым, - егупсысащ зэкъуэш курытхэр. - Насыпыр езыр-езыру уи Іэрылъхьэ хъунукъым, абы улъыхъуэн хуейщ! Ауэ, нэхъыжьым и къуэшитІыр зэгъусэу иутІыпщын щимыдэм, адакъэр щІэину къызыхуагъэна щІалэр насыпыр зэхъуэжащ.

Куэдрэ кІуа, мащІэрэ кІуа, Іуэгу здытетым жэщ къыщытехъуэм, къуажэкІэм щыпсэу зы унагъуэ гуэрым я кузбжэм теуІуащ, цІыкІу хьэлэлхэм я деж нэху къыщІекІын и мураду.

- Ауэ, зэгъащІэ, - къыжраІащ абы бысымхэм, - махуэм пежьэну иджы си чэзур дэращи, жьыуэ дыкъэтэджыну къытпэщІытІщ.

- Дауэ махуэм зэрыпежьэнур? - игъэщІэгъуащ щІалэм.

- КІыфІ зэхэту дыкъотэдж, шыгу зэщІэщІам дотІысхьэри, губгъуэм докІуэ махуэщІэм дыІущІну. - жэуап къритыжащ бысымым. - Пщэдджьжьы пшэплъыр къызэрыунэхуу, къуажэм къыдогъэзэжри, псори къыдогъэуш: фытэдж, махуэр хъэушащ жьытІэу!

Дауи, ахэр цІыху къызэрыгуэкІтэкъым, атІэ ипэ иту гупсысэхэт!

- Сыту фыцІыху гъэщІэгъуэнхэ, - дыихьэшхащ щІалэр. - Адакъэкэр фиІэкъэ?

- Аа - да-къэхэри? - ягъэщІэгъуащ цІыхухэм.

ИтІанэ щІалэм и адакъэр псоми яригъэзыгъуащ.

- Фыгъуэлъи фыкъыхэмыщтыкІыу фыжей, - щадэу жиІащ абы. - Си адакъэр фи пІэкІэ махуэщІэм ІущІэнурэ щэ хъыбар фигъэщІэжьынущ. Ещанэу адакъэр къыщыІуэкІэ фыкъэтэдджыну и чэзущ.

ЦІыхухэр абы жиІам едаІуэри, гъуэлъыжащ.

Нэхущым, адакъэ псоми зэрахабзэу, адакъэр Іуащ:

- Іуу-Іуу-Іууу, махуэр къоуш!

Апхуэдэу етІуанэуи ещанэуи Іуащ, дыгъэр къэтэджа нэужь. Абы и ужь иту щІыкъухэри къэтэджащ, ЩІалэм фІыщІэ хуащІащ къарита чэнджэщым папщІэ икІи ельэІуу щІадзащ адакъэр къариущ.

ЩІалэм и адакъэр псоми яригъэзыгъуащ.

- Фыгъуэльи фыкъыхэмыщтыкІыу фыжей, - щадэу жиІащ абы. - Си адакъэр фи пІэкІэ махуэщІэм ІущІэнурэ щэ хъыбар фигъэщІэжьынущ. Ещанэу адакъэр къыщыІуэкІэ фыкъэтэдджыну и чэзущ.

ЦІыхухэр абы жиІам едаІуэри, гъуэлъыжащ.

Нэхущым, адакъэ псоми зэрахабзэу, адакъэр Іуащ:

- Іуу-Іуу-Іууу, махуэр къоуш!

Апхуэдэу етІуанэуи ещанэуи Іуащ, дыгъэр къэтэджа нэужь. Абы и ужь иту щІыкъухэри къэтэджащ. Къуэ нэхъыжьым жеІэ:

- Ар дауи, ар ящІэ, - жеІэ къуэ курытым. - Сэ сыгъуклІэщ.

Абы налыр къищтэщ, мафІэм пэрилъхьэри, шум жриІащ:

- ТІэкІу икІуэтыжи, зэуэ щІэпхъуэ куэбжэм нэс.

Шур куэбжэмкІэ щыщІэпхъуэм, къуэ курытым налыр апхуэдизкІэ Іэззу идзри, шым и лъакъуэхэм къыщІэхутащ.

Адэм апхуэдэ Іэкіуэлъакіуагъэр зэригъэщІэгъуэнур къыхуэщІэркъым.

Абдежым зэуэ уэ хъехащ. Адэр къэгуэзващ ар я гъавэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ зэран хуэхъункІэ.

Къуэ нэхъыщІэм жеІэ:

- Иджы, си адэ, зи Іэщ1агъэр къззыгъэлъэгъуэну зи чэзур сэращ.

Абы башыр къищтэри, уэм езауэу щІидзащ. Дэтхэнэ уэри щІым нэмыс щІыкІэ икъутащ. Абы и фІыгъэкІэ гъавэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ къызэтенащ.

Къуэ Іэпщ1элъапщІэкъэ къызыщІэхъуа адэм и гуфІэгъуэр инт!

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **ТЕКІУЖЬ Заретэщ.**

ЗэкъуэшищІэкІуэлъакІуэ

Тхьэмыщкіэм къуищ иІэт. Ахэр балигъ щыхъум, адэм яжриІащ:

- Фыкіуи щІэныгъэ зэвгъэгъуэт. ФыІэщІагъэнщэмэ, фымыІэщІэлъапщІэмэ гъащІэм гугъу фыщцекьынщ.

ЩІалэхэр еджакІуэ кІуэри, илъэс зыбжанэкІэ къэтащ. Унэм къагъэзэжа нэужь, я адэм зыхуагъаз:

- Иджы Іэщ1агъэ зэдгъэгъуэтащ, дыІэпщІэлъапщІэщи мылъкУ къытхуэлъэжьынущ.

Адэр и къуэхэм ящыгугъыІкІри, щэджагъуашхэ яхуищІыну и ужь ихьащ. Джэдыкіэ кьищтэри, джэдыкІэнэ-къиж ищІу хуежьащ. Къуэ нэхъыжьым жеІэ:

- Гугъу зумыгъэхь, ди адэ. Сэ иджы сыпщафІэщи, джэдыкІэнэкъижьир къыщІеІэгъэзащІэну. Уэ къэбжэпэм деж уви къыспэплъэ.

Къуэш нэхъыжьым жызум тхьэмпэхэмкІэ мафІэ ищІри, джэдыкІэ нэкъижьир игъэхьэзыращ. Тебэлъэкъуэм Іэштімкіэ щІеуэм, джэдыкІэр къилъэтри, и адэм и тепщэчым итІысхьащ!

Адэм зэригъэщІэгъуэнур ищІэртэкъым къуэ нэхъыжьым и Іэкіуэлъакіуагъэр.

Псори зы Іэнэ пэрытІысхьащ. Абы хэту я кузбжэпэм деж зы шу къыщцоувыІэри, и шым нал хущІалъхъэну мэлъаІуэ.

- Ар, ди адэ, сэращ зи Іэщ1агъэр, - жеІэ къуэ курытым. - Сэ сыгъуклІэщ.

Абы налыр къищтэщ, мафІэм пэрилъхьэри, шум жриІащ:

- ТІэкІу икІуэтыжи, зэуэ щІэпхъуэ куэбжэм нэс.

Шур куэбжэмкІэ щыщІэпхъуэм, къуэ курытым налыр апхуэдизкІэ Іэззу идзри, шым и лъакъуэхэм къыщІэхутащ.

Адэм апхуэдэ Іэкіуэлъакіуагъэр зэригъэщІэгъуэнур къыхуэщІэркъым.

Абдежым зэуэ уэ хъехащ. Адэр къэгуэзващ ар я гъавэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ зэран хуэхъункІэ.

Къуэ нэхъыщІэм жеІэ:

- Иджы, си адэ, зи Іэщ1агъэр къззыгъэлъэгъуэну зи чэзур сэращ.

Абы башыр къищтэри, уэм езауэу щІидзащ. Дэтхэнэ уэри щІым нэмыс щІыкІэ икъутащ. Абы и фІыгъэкІэ гъавэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ къызэтенащ.

Къуэ Іэпщ1элъапщІэкъэ къызыщІэхъуа адэм и гуфІэгъуэр инт!

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **ТЕКІУЖЬ Заретэщ.**

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

ЗэкІэрыс

Гуэдз хьэжыгъэм и кур къратхъури шатэ иракІэ, жьджэдыкІэ уда, шыгъу, содэ халъхьэри, тыкъыр къыхэмынэу быдэу япщ, Іыхьэуэрэ зэпауПщІри, и Іуэагъыр мм 1-1,5-рэ фІэкІа мыхъуу пІащІэу яху. Аха́р тебэ гъуащэ къэпльъам иралъхьэри ягъэжэпхъ, пЛІы-тхууэрэ зэтралъхьэри см 2,5-3 я бгъуаГъыр зэпагъэж, итІанэ я бгъуапІэмкІэ псыгъуэ цыкІуурэ зэпаГъэлъэлъ. Адэкіэ сэхуран дагъэр градуси 160-170-рэ и пщтырагъыу къагъэплъ, тхьэв зэпыгъэлъэлъар абы хакІутэри,) лэкъумым хуэдэу, дыщафэ къытеуэху ягъажьэ, чымчыкІэ къыхахыжри тепщэчым иралъхьэ.

ЩхьэхуэУ шыуанкІэ фо яГъэткІу, абы фошыгъу хакІутэри, зэІащІэуРэ дакъикъи 5-6-кІэ къагъавэ. Фор хьэзыр хъуамэ, ІэпитІыр зэкІэригъапщІэу щытынущ. Фо къэплъам тхьэв жьар хакІутэри ямыущэбыным хуэсакъыурэ бэлагъкІэ зэІащІэ, мафІэм къытраХьж, тхъу зыщьхуа Іэнэм псынщІэу тракІутэри, Іэкіэ яубэ. ТІэкІу упщІыІуа иужь, пЛІимэ цІыкІуурэ зэпагъэж, и кІыхьагъыр см 10-11, и бгъуагъыр см 3-4 хъуУэ.

ЗэкІэрысыр хуабжьу къэуатщ, Іэнэри егъэдахэ.

Халъхьэхэр:
гуэдз хьэжыгъэу - г 530-рэ,
джэдыкІэу - 5,
фошыгъуу - г 20,
шатэу - г 80,
содэу - г 6,
шыгъуу - г 4.

Фошыгъупсым:
фоуэ - г 300,
фошыгъуу - г 100,
зэрагъэжьэну дагъэу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.



● Теплъэгъуэхэр

Абыкъу Данэ цІыкІу Нартсанэ и Іэшэлъашэхэм зыщегъэпсэху. *Сурэтыр* **Бакіуу Джамилэ** *трихащ.*

● Хъуэхъу

Налшык къалэ щыпсэу Къуэшрокъуэ ФатІимэ Артур и пхъур зыщхьэуІуи и 4-м ильэситху ирикъуащи, дохъуэхъу

Гухэхъуэрэ дэрэжэгъуэрэ къыдэзыт ди пщащэ гуащэм уи Іэфы-гъуэщи, сабиигъуэ дахэ уиІэну дынохъуэхъу. Псынэпсу уи псэр кьабзэу, уи къжкІуэнур екІуу, нэмысымрэ хабзэмрэ уи гъуаЗэу бэлигъ гъащІэм лъэ быдэкІэ ухэувэну, нэсыпыр, акъылыр, мылъкур уи гъащІэ гъусэу дуней щІэращІэм утетыну, гу щыпхуэну дыпхуохъуахъуэри, ТхьэшхуэМ къыпхуэзпищэ!

Уи адэшхуэ Къардэн Борис, анэшхуэ Рае.

● Псалъэжьхэр

Бжэным щынэ къилъхуркъым

♦**Псалъэ бутІыпщам аркъэн кІэлъумыдзыж.**
♦**Яжьэжь щІахар къыщІахьэжкІэ хуабэ хъужыркъым.**
♦**Дыгъужьыгъуэм гъэлъхуэщ тращІыхьрэ?**
♦**ХъумпІэщІэджэр бзум зыпищІыжу лъатэри, къуанщІэм ишхащ.**
♦**Джэду здэщымыІэм дзыгъэщІэ щоятэ.**
♦**Бжэным щынэ къилъхуркъым.**
♦**Куэдым ущыгугъыу мащІэм зыхьымыгъэкІыж.**
♦**Лъахъшэу тІысыну хуейкъым, лъагэу тІысыпІэ игуэтыркъым.**
♦**Ди бжэІупи лъагъуэ Іуохъэ.**
♦**Дахагъэм дагъуищэ егъэпщкІу.**
♦**Уи щхьэ иумыпэсымкІэ нэгъуэщІым ухуэмыупсэ.**
♦**ЕГъэлеямэ, фори ткІыбжьщ.**

● Псэущхьэхэм я дуней

Шылъэгухэм я гъащІэм теухуауэ

ШЫЛЪЭГУХЭР зыхэбгъэгъуэщэн псэущхьэ щыІэкъым. Абыхэм хуэдэу фэІув зытелъ зыри дунейм тетхъым. Ар къупщхьэм хуэдэу быдэщи, шылъэгур и бий куэдым ящехъумэ. Ауэ ари сэбэп къащыхуэмыхъуи къохьу.

ЯзыныкъуэшылъэгУхэр щІым щопсэу, адрейхэм я гъащІэр щахьыр псырщ. Псым щопсэуХэри лІэужьыгъуитІу егуэшыж: зыр псыежэххэм хэсщ, етІуанэм тенджьызыпсыр нэхъ къещтэ. ШылъэгУхэр щІым щытетым деж жьажьэу пльагъу щхьэкІэ, псым щыхэсым деж - икъукІэ жанщ, есыкІэкІэ Іэззщ.

ГъэщІэгъуэнщ шылъэгу шырхэр дунейм къыззрытехьэр. Шылъэгу анэм пшахьуэр къретхъури, джэдыкІэхэр игъэтІылъа нэужь, щІехъумэж. ИужькІэ абы и шырхэм я Іуэху лъэпкъ зрихуэжьыркъым. Абы къыхэкІыу шырхэр дунейм къызэрытехьэу я щхьэр япІыжьын хуей мэхъу.

Къэрал куэдым щыпсэу цІыхуэхэм шылъэгум илри и джэдыкІэри яшх, уеблэмэ нэхъ ерыскъы лъапІэ дыдэу къалъытэ.

ХъумпІэцІэджэр

МЭЗЫМ, губгъуэхэм хъумпІэцІэдж Іуащхьэ куэд уащрохьэлІэ. Апхуэдэ Іуащхьэ гъэрым и хъуреягъым хъумпІэцІэджхэр щызэрызехьэрт. ЯзыныкъуэхэмкІэ шхий цІыкІухэр ялъэфырт, адрейхэм тхьэмпэ цІыкІухэр яхьырт. Мис хъумпІэцІэдж зыбжанэм зы чымпэ ялъэф. ХъумпІэцІэджхэм я дежкІэ ар пкъоушхэу хуэдэщ. Чымпэр щІым дежи яГъэтІылъ. Абы и щІыІум аргуэру чымпэ, тхьэмпэ тралъхьэ. Апхуэдэурэ хъумпІэцІэдж Іуащхьэ мэхъу.

ХъумпІэцІэджхэр псори зэдолажьэ: псэупІэ яухуэ, мэщакІуэ.

ХъумпІэцІэджхэм гъэмахуэ псом увыІэгъуэ яІэкъым. ЩІымахуэм хъумпІэцІэдж Іуащхьэхэр мамыр мэхъуж. Я лъагъуэ цІыкІухэмкІэ ахэр щІы щІагъым щІохьэри, щІымахуэр икІыу абы щожей.

ХъумпІэцІэджхэр сэбэпышхуэ мэхъу. Абыхэм мэзым зэран хуэхъу хьэпІацІэхэр яшх.

МЭЛЕЙ ФатІимэ.

● Гушыіэ

Ди дежкІэ тІури яшх

Хъуэжэ зы унагъуэ гуэрым еблагъэри, унэгуащэм ельэІуащ:

- Сыгъуэгурыкіуащ, сымэжэлІащ, тІэкІу сыбгъэшхатэмэ арат, - жиІэри.

- Сыт, си Пасэ, нэхъ къэпщтэн: кхъуейжьапхъэ хьэмэрэ шху къыпхуэсхьынур? - жиІэри, гуащэ нэпсей гуэру къыщІэкІынти, къеупщІыжащ Хъуэжэ.

- Уэлэхьи, ди анэ, ди дежкІэ кхъуейжьапхъэри яшхри шхурИ трашхьыхьыжмэ! - щыжриІэжьым, гуащэр укІытэри пщэфІапІэмкІэ щІыхьащ, Хьуэжэ шхын къыхуихьыну.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **3**. ... зиІэр ящащІитІ иІэнуи мэгугъэ. **5**. Мыз Ахьмэд и рассказ: «Сэ нэгъуэщІ ... сыхуейкъым, мамэ». **8**. Бгым и лъагапІэ дыдэ. **10**. ... зи хабзэм псалъэ и куэдщ. **11**. ЩІоджэнцІыкІу Нурий и усэ. **12**. ЩІауэмрэ нысащІэмрэ я пэш. **13**. ЩІакІуэ кІапэ зэдытеувакъм япэ уэгъуэр зыгъыусыр. **14**. ... щыса фІэкІа пщІэнкъым. **16**. КъБР-м щыщ адыгэ усакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик. **19**. Зи ныбжьыр зы илъэсым къыщыщІэдзауэ илъэситІым нэс Іэщ. **22**. Европэм щыІэ къэралхэм ящыщ зым и щыхьэр. **23**. Тенджьз ин. **24**. Дагъыстэным щыщ лъэпкъ. **26**. Зи щхьэц, набдзэ, пащІэ сыт хуэдэхэр гъуэ-хужьысфэу щыт. **28**. Илъэсым и Іыхьэ пщыкІутІ. **30**. ХьэгъуэлІыгъуэр дэкІыху щауэм егъэщІылІауэ щыт, ар зи деж щыІэ ныбжьэгъу щІалэ. **33**. КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист, усакІуэ Бемырзэ ... . **36**. ...- кІыхьагъыр къэпщын. **37**. Сыхьэтым хуэдэу ... . **39**. Филологие щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и егъэджакІуэ. **40**. Макъамэ зыщІалъхьа усэ. **41**. Іэщэ лІэужьыгъуэ.

Къехьу: **1**. Уасэм щыщу щэхуэгъум къыЛых Іыхьэ. **2**. «Апхуэдэу ... сыт жаІэн?» - мэгузавэ анэр и быным щхьэкІэ. **3**. Нэхущым къиущІ. **4**. Зи кІэмрэ сокумрэ фІыцІэ шы тхъуэпльъ. **6**. Зи кур нэщІ къэкІыгъэ лІэужьыгъуэ, пшхы хъууэ. **7**. Пхъэ щызэгуах лэжьапІэ. **9**. Хабзэр фІымэ бзыпхъэ трах, ... ІуагъэкІуэт. **13**. Килограмм пщыкІух. **14**. Удз гъэгъа мэ дахэ. **15**. Зи пхъэр щабэ, лъагэу дэкІей удз лІэужьыгъуэ. **17**. Узыпэмыльэщыну ... уемыІэ. **18**. ЦІыху гупитІым е нэхъыбэм зэращІылІа зззэуэныгъэ. **20**. Унэр зэрагъэщІэращІэ хьэпшыпл. **21**. Африкэ ИщхьэрэМ щыщ къэрал. **24**. Уэрэдыжьым къыхэщ цІыхубзыцІэ. **25**. Ещанэ увыпІэр къэзыхьам ират медалыр къызыхэщІыкІа металл лІэужьыгъуэ. **27**. Абы ... щы-Іэкъым жысІэмэ, пцІы соупс. **29**. Къаныи и гъэсакІуэ. **31**. Къалэми къуажэми ар зДэщыкІыІэ щІыІэкъым. **32**. МуспІымэнэм ялъэпІапІэ хьид махуэ, Іэщ яукІыу. **34**. Фэ дахэ зытелъ псэущхьэ цІыкІу. **35**. Мэзым щІыхьэжа, губгъуэм ихьэжа цІыху. **38**. ... еубзи, щІэр гъэгушхуэ.



Зэхэзылъхьар **ДЫЩЭКІ Алийщ.**

Бадзэуэгъуэм и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **7**. Тхьэмахуэ. **8**. Елырькъэш. **9**. Сыр. **10**. Егъу. **11**. Щынэ. **12**. Тебэ. **13**. КІэ. **17**. КІыгу. **19**. КІэрэф. **21**. Мыл. **22**. Ерыщ. **23**. Закъуэ. **24**. Баш. **25**. Бгъэ. **28**. Жьей. **29**. Гудзэ. **30**. Ужьэ. **31**. Шыд. **34**. Пэч. **35**. Еуэ. **36**. Къупыкъу. **38**. Къарэ. **39**. Бел. **41**. Шэрэз. **42**. Гъущэ. **44**. Бу. **46**. Берд. **48**. Лэкъум. **50**. Бо. **51**. Афэ. **52**. ЩыІэкъым. **53**. Псыхъурей.

Къехьу: **1**. Тхьэгъу. **2**. Кумыщ. **3**. Хьэсэ. **4**. Дерт. **5**. Аркъэ. **6**. ХьэуКІ. **14**. Вы. **15**. Ереван. **16**. Мы. **18**. Гуартэ. **19**. КІыщ. **20**. Фыз. 21. Мыкъуэжь. **26**. Бдзы. **27**. Бжьэ. **32**. Дэлэл. **33**. Жумарт. **34**. Лэрыгъу. **37**. Къуэш. **38**. Къаз. **40**. Еш. **43**. Щэ. **45**. Урыху. **46**. Бжэн. **47**. Дамэ. **48**. Лэпс. **49**. Мыхъур. **50**. Бжей.

● Жыіэгъуэхэр

Насыпыр зыгуэрым и унафэкІэ ягуэшыркъым

●**ЦІыху гъэсакІэ узэджэнур укІытэ зыхэлъырщ.**
●**Уи щІыхьымрэ уи пщІэмрэ зыми птрихьфынукъым, ауэ уэр-уэру бгъэкІуэдыжьыкІэ хъунущ.**
●**Унащхьэм и быдагъыр къыщежьэр и лъабжьэрщ.**
●**Сымаджагъэ убгъэдэмыльмэ, жьы сыхъуащ жьлІэу щхьэхьынэрэ лэжьыгъэншэрэ зумыщІ.**
●**Ефэгъу зыгъуэтыр ныбжьэгъу хуэныкъуэкъым.**
●**ИщІэ тІэкІыр псоми яжриІэу къэзыкІухьым, имыщІэ нэхъыбэжи щІегъу.**
●**Псалъэр пэжмэ, шэрыуэщ.**
●**Адрейхэр иубурэ уэ къыпщытхъу цІыхум зыщыдзей.**
●**Лъагъуныгъэ гуащІэр блэкІа зэмани къэкІуэну зэманИ хуэныкъуэкъым.**
●**Насыпыр зыгуэрым и унафэкІэ ягуэшу аракъым.**
●**Лэжьыгъэр фІыуэ зылъагъу цІыхуэр зэштегъэу хуэныкъуэкъым.**
●**Зы лэжьыгъи зымылэжь цІыхум адрейхэр иущиину фІэфІыщэщ.**
●**ХьугъуэфІыгъуэ псоми я щхьэкІэ щыІэщ цІыху акъылыр.**

КІУРАШЫН Алий.

«Уэрэ сэрэ»

● Зы уэрэдым и хъыбар

Нобэ къыхэса уэрэдым сытепсэлъыхьын и пэ къихуэу, сыхуейт ар зытха Къуэдзокъуэ Хьэсэн теухуауэ псалъэ зы-тІу жысІэну.

Телевиденэм сыкъыщыкІуам, си насып кьрихьэкІри, Хьэсэн редактор нэхъыщхьэу здащыІэ редакцим лэжьэн щыщІэздзат. Срогушхуэ ар си чэнджэщакІуэу, ущиякІуэу зэрыщытам.

Хьэсэн лъэпкъ щынхабзэм, литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ. И гъащІэм щыщу нэхъыбэр тележурналистикэм триухуа щхьэкІэ, Къуэдзокъуэм зэи Іэщыбэ ищІакъым театр гъуазджэр. Пьесхэр зэридзэкІыу, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым игъэув спектаклхэр телевиденэм щриГъэтхрэ къаГъэлъагъуэу, рецензэхэр, очеркхэр игъэхьэзыру къекІуэкІащ.

УэрэдымкІэ къэзгъэззэжьнщи, макъамэмрэ псалъэмрэ зэхуэдКІуэу зы уэрэд яусамэ, мыр етІуанэщ жыпІэ хъун хуэдэу удехьэх.

Зи ныбжь хэкІуэта цІыхум ехьэлІауэ лъагъуныгъэм утепсэлъыхьыныр кьедмыгъэззэгъыщу щытщ адыгэм. Ауэ цІыхум и ныбжьыр хэкІуатэми, лъагъуныгъэр зэи жьы хъуРхьым. Ноби и гум ильщ а лъагъуныгъэр Хьэсэн и щхьэгъусэ, гъащІэ гъуэгуанэ кІыхь зыдикІуа Ащнокъуэ Тамарэ. ИльэС щэ ныкъуэ и пэкІэ ГИТИС-м щеджа адыгэ гупым яхэту Хьэсэнрэ Тамарэрэ Москва щыщыІам кьежьа лъагъуныгъэт ар. ГукъэкІыж Іэфым хишэу, зэхэзыж цІыхухэмми я псэм едэхащІэу мэЗу Хьэсэнрэ Тамарэрэ я лъагъуныгъэм и уэрэдыр.

Уэрэдым макъамэ хуэзытхар композитор Даур Аслъэнщ. Ар япэу зыгъэззэщІар Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цІыхубэ артист Шумахуэ Хьэзрэ́ифІщ.

КІУНТЫЩ-ХЬЭПЦІЭ Аннэ.

Мы уэрэдыр хэкІуэтауэ пхуэзэусами,
Мы си щхьэцым уэс мыткІужьыр къытесами,
Сэ къысфІощІыр уэрэ сэрэ
Япэу нобэ дызэхуэзэу.
Уэрэ сэрэ, уэрэ сэрэ
Япэу нобэ дызэхуэзэу.

ГъащІэ гъуэгур къытехьэлъэу къыздэткІуами,
Гугъуехь псоми дызэгъусэу дытекІуами,
Сэ къысфІощІыр уэрэ сэрэ
Гъуэгум нобэ дыздытехьэу,
Уэрэ сэрэ, уэрэ сэрэ
Гъуэгум нобэ дыздытехьэу.

Бгым дыдэкІыу къехьжьпІэм дыкъэсами,
Пщэдей махуэр гум зыхищІэу къеІусами,
Сэ къысфІощІыр уэрэ сэрэ
Гъуэгуанэшхуэ къытпэщылъу.
Уэрэ сэрэ, уэрэ сэрэ
Гъуэгуанэшхуэ къытпэщылъу.



Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зыгъахэм ирагъэжьауэ яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня,** *редактору* **Щхьэщэмыщ Иэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 5, 6-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аззмэт** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **корректорхэм я дэлэныкъуэгъу Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр яшащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.490 ● Заказ №984